Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 7 (7563)
9 февраль
Хамиз
2023 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Украина: спецоперация

## Рагъухъанасе – Баркалаялъул Кагъат



2 февралалда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул рахъалдасан Баркалаялъул Кагъат кьуна Парзулаев Муслим МухIамадзагьидовичасухъе. Гьелда районалъул бетIерас баркала загьир гьабулеб буго тарбия бугев вас ХIажимурад гIезавуралъухъ Муслим Парзулаевасе. Гьесул вас ХIажимурад Муслимович къокъаб заманаялъул отпускаялъ вачIун гьабсагIаталда районалда вуго, РФялъул СВОялда Украиналъул рагъул заманалда хъулухъ гьабулевги вукIун жиндирго эбел-инсухъегун гIагарлъиялде щвезе.
ХIажимурад Пайзулаевас хъулухъ гьабулеб буго ракетниябгун артиллериялъул дивизионалъул ракетнияб батареялда, Украиналъул националистаздаса Донбассалъул ракьал эркен гьариялъул иш тIубалеб СВОялда бухьенчилъунги вукIун. Гьесул бихьинчиялгун бахIарчиял ишаз Россиялъул рагъулаб хъулухъалъе кумек гьабулеб буго тIаде кIанцIулезде данде рахъин гIуцIадго иналъе ва тушманас рахъарал ракьалгун гIадамаз гIумро гьабулел бакIал эркен гьаризе.
Гьарула ХI-М. Парзулаевасе бергьенлъигун ва чорхол сахлъигун рокъове тIад вуссин.

## Бихьинчияб хасияталъул васал



Дагьал церегIан къоязда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана гьал къоязда РФялъул рагъулал къуватаз Украиналда тIобитIулеб спецоперациялда гIахьаллъизе ине гьираялда рачIарал гIолохъабигун. БетIерас гьезда цебе рагIи кьуна жидеего бокьун спецоперациялда гIахьаллъизе унезул хъизаназе районалдасан кIвараб кумек гьабизе бугилан.
«Нуж руго къвакIарал, бихьинчиял, бахIарчиял ишазе хIадурал васал. Киназго гуро гьединаб нух тIаса бищулеб. РукIа хадубккунги гьединаллъун. Сабру кьеги нужер хъизаназе, гIагаразе, рагъулал масъалаби тIуразарулаго цIуне нужго. Нуж гIадиназул къвакIиялъгун хIаракатал ишаз щвезе рес буго нилъее бергьенлъи. Гьарула, нужее киналго захIмалъаби къвинарун, бергьенлъигун тIад русин!»,-ян бихьизабуна ГI. НурмухIамадовас.

Миллияб проект

## Капиталияб ремонт гьабуна



Районалъул мугIрузулаб борхалъиялда бугеб ХъахIабросулъ рагьана халатаб заманаялъ ремонталда букIараб ясли-ах. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул зам. М. ХIамзатов, районалъул лъай кьеялъул отделалъул хIалтIухъаби, ясли-ахалъул коллектив ва росдал жамагIат. Тадбиралда ракIараз кIудияб баркала загьир гьабулеб букIана Дагъистан республикаялъул БетIер С. Меликовасе ва районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасе, гьеб



гьабулезе, подрядчиказегун бакIал ралезе.
Дагъистан республикаялъул хасаб программаялъулаб проекталда рекъон гьабуна ХъахIабросдал № I0 школалъул гIумроялде рахинчIел лъималазул «Снежинка» учреждениялъе капиталияб ремонт. Гьениб буго 50 лъимадуе бакI. «Капитальный ремонт детских садов» абураб республикаялъул проекталде гьоркьоре лъугьине рес щвана гьелъие.
Гьедин хIалтIул заказчиклъун букIана «Унсоколо район» муниципалияб гIуцIи, хIалтIи тIубазабуна «Спецмостстрой» ОООялъ. Проект гIумроялде бахъинабиялъе хIалтIизабуна бакIалъулаб бюджеталдаса гIарацги. Гьедин «Снежинка» ясли-ахалъул минаялъе капиталияб ремонт гьабиялда тIад ана I0 млн. гIагарун гъур. ГIарцул гIураб къадар гьечIониги подряднияб организациялъ ремонт гьабуна т1адег1анаб даражаялда.

ГIумроялъул тIалаб – рацIцIалъи

## Майданскиялда – субботник



Дагьал церегIан къоязда Майданское росулъ букIана территория гIала-гъважаялдаса бацIцIад гьабиялде буссараб субботник. Гьелде радалго росу ва сверухълъи бацIцIад гьабиялъе ракIарана администрациялъул хIалтIухъаби, школалъул цIалдохъаби, росдал гIумро гьабулел. Гьезухъ рукIана территориялда санагIалъаби чIезариялъе хIажалъулеб инвентарь. Цояз гIала-гъважа лъухьана, цогидаз бакIарана мешказухъе.
Росуцояз жигараб гIахьаллъи гьабуна субботникалъулъ, гьелъул хIасилалда гьеб пайда кьолеблъунги ана. Къокъабго заманалда жаниб сверухълъиялда квершел гьабуна рацIцIалъиялъ ва берцинлъиялъ.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 7 (7563)
Хамиз
9 февраль 2023 сон



Дагъаб цебегIан Москвалда литераторазул Рокъоб кIодо гьабуна Дагъистаналъул поэтесса Ф. ГIалиева гьаюралдаса 90 сон тIубай. Гьенив гIахьаллъана РДялъул БетIер С. Меликовги. РакIарарал творческиял интеллигенциялъ, общественниялгун политикиял хIаракатчагIаз, гIага-божараз цIикIкIараб къимат кьуна кIудияй поэтессалъул творчествалъе. Гьелъул гIакъло, тIадегIанаб патриотизм, ВатIаналъе хъулухъ гьабизе лъураб бутIа цIакъго кIудияб бугин бихьизабуна данделъараз гьениб.

Шамильхъала: нижер гара-чIвари

# «Подъездал къачIала услугазухъ гIарац кьуразул»



**Шагьаралъул къагIидаялъ гIумро тIамулеб Шамильхъала поселокалъе коммуналияб хъулухъ гьабизе гIуцIун буго «Шамильхъала» ООО УК. Гьелъие нухмалъи гьабула РДялъул Буйнакск шагьаралда бугеб жилищнияб инспекциялъ ва районалъул администрациялъ. Коммуналияб управлениялъе нухмалъи гьабулеб**



**буго Р. Х1усейновас. Гьал къоязда дун щвана гьеб управлениялде ва гьелъул коммуналиялгун магIишатиял суалазда хурхун чанго суал кьуна нухмалъулесул зам. Суайбат ХIамзатовалъе.**

**-Суайбат, бокьилаан нужер организациялъул хIалтIул хаслъабазул бицани.**

-«Шамильхъала» УКялъул ООО гIуцIана поселокалъул лъелгун канализациязул хIалтIи гьабиялъе 2019 соналда. Гьелъул гьечIо жиндирго бихьизабураб бюджет, хIалтIула поселокалда гIумро гьабулезе гьабураб хъулухъазухъ бакIарараб гIарцудалъун. Нижер вуго 6 хIалтIухъанги. Х1ажалъи ккани къват1исаги рачуна гьел .

**-Кинал хIалтIаби нужеца гьарулел?**

-Къарал канализациязул колодецал рахъула, подвалахъе чвахулел лъинал, поселокалде кколел лъел трубаби рихъун ругони къачIала, подъездазда ремонтал гьарула. Гьедин ремонтал гьаруна 2I [а] рукъалъул 2 подъездалда, 11 [а] рукъалъул цо подъездалда, 4 рукъалъул цо подъездалдаги.

**-Кин нужеца подъездазда ремонтал гьарулел, гьел нужецагойищ тIаса рищулел яги цоги гIиллайищ гьелъие букIунеб?**

-Ремонтал гьаризе подъездал тIаса рищула гIумро гьабулез кьезе кколеб налъи намусалда кьолезул. Нижеца хIалтIаби бакIарараб гIарцухълъидал гьабулеб, гьеб ригьда кьолел нижедаги кIочонаро.

**-ЛъагIалие кигIанисеб гIарац нужеца бакIарулеб?**

-Араб соналда кинабниги бакIарана I млн. 260 азарго гъур.; 846 азаралда 732 гъурущалде гьабуна хIалтIи, хутIараб кьуна харжазе. Гьелде гьабуна подъездазда хIалтIиги, кьуна канализациял ва лъинал къачIаразеги. Хисана хвараб алат-къед. Араб соналда гIезегIанго хIалтIаби гьарун бажарана коллективалда.

ЦIакъ захIматго буго поселокалда гIумро гьабулезухъа гIарац бакIаризе. Киназго гуро гьез гьеб кьолеб. ГьабсагIаталда нижеда хадуб буго I9 млн. бакIаричIеб гIарцул налъи. ГIадамаз кколеб налъи кьолебани, кIвезе букIана киса-кирего подъездазда ремонтал гьаризе, подвалал къачIазе, чердакал кIулал ран рацизе, ккоелълъур решеткаби лъезе, ай киса-кирего щулалъаби гьаризе.

ГIадамазда бичIчIулеб гьечIо жидеего шартIал чIезариялъе бакIарулеб гIарац гьеб букIин. Цоцоял данде рахъуна гьелде. Сбор гьечIони кинха нижецаги хIалтIаби гьарилел? Гьеб кьолезул хIажалъаби заманалда тIурала нижецаги.

**-Бицунеб рагIун букIана поселокалъул лъелгун канализациязул сеть хун бугин, ай бакI-бакIаздасан турун трубаби рукIиналъ гIезегIанал квартирабахъе лъим бахунеб гьечIин, гьединго турун ракьулъе рецIцIулел ругин канализациял,-абун. Гьелда хурхун дуда лъалеб жо бугищ?**

-У, гьедин буго. Гьеб буго цIикIкIараб гIарцул суал. Лъаларо гьаб соналъул бюджеталъе поселокалъул лъелгун канализациязул трубаби хисизе ва цогидалги хIалтIабазе гIарац лъун бугищали. Батани гьел хисизе кколарел бакIалго гьечIо гьанир.

Лъуралдаса нахъего хисичIо лъелгун канализациязул трубаби. Цебего заман щун буго гьел хисизе. ГIемерисел бакIазда турарал трубаби рецIцIулел руго, ракьулъан лъурал лъел трубабаздасан, лъелъе чороклъи ккеялдеги щибго щаклъи гьечIо. Гьезда тIад гьечIо изоляция, тIад рекIараб ракьуца ккурал гьел, тIаса ракь арабго рецIцIулел хIалалда руго. ГIемерисеб мехалъ анализал гьаризе нижецаго босула лъим лабораториязде. Гьединаб хIал букIиналъ, ай кинабго лъим трубабазухъ цIунизе кIунгутIиялъ поселокалда гьеб гIолебги гьечIо.

ЦIакъго захIмалъаби дандчIвала рииих бачIараб мехалъ. ГIадамаз лъалъадизе хIалтIизабун, лъел рахъалъ ц1акъго захI-малъаби байбихьула гьеб заманалда.

**-Ахал-хурзал лъалъалеб гIужалда лъугьунел захIмалъаби лъугIизариялъе кинал ресал дуда рихьулел?**

-Руго гьелъие ресал. Поселокалда сверухъ, бахчаби ругел хъизанал руго. Гьениб гIумро гьабулезда жидедагоги бихьулеб бугелъул лъел рахъалъ риидал жидедаго поселокалда дандчIвалел захIмалъаби. Гьединлъидал лъикIаб букIинаан гьез гIарацги рехун жидеего лъим кьабизе насос босани. БитIахъе бицани бацIцIад гьабичIеб хIорил лъим гIемерго пайдаябги буго гъветI-хералъе ва ракьалъе.

**-Поселокалъул канализациязулгун лъел трубаби хисиялъе исана бюджеталда гIарац лъун бугищ?-абураб суал кьуна дица райадминистрациялъул бетIерасул экономикияб рахъалъ зам. Хъ-М Г1абдулхаликъовасе**





**Жаваб.**

- Буго. Гьаб соналда гIицIго лъим бачиналъе бюджеталда лъун буго II9 млн. гIарац. Гьаб соналъул ихдал байбихьизе буго лъел рогIрал хисизе, лъугIизе руго 2024 соналда. ГIадамал гIемераб мехалъ лъим гьечIого хутIунгутIиялъе рогIрал хисизе байбихьизе руго поселокалъул ахадасан байбихьун. Гьелъие хIадурлъаби гьарулелги руго.

Къокъго абуни унго-унголъунги поселокалъул ургъел гьабулей ва щибаб рукъалъул лъелги канализациязулги карта рекIехъе лъалей гIадан йиго Суайбат ХIамзатова. ЦIияб соналда лъикIаб сахлъиги тIуразе ругел хIалтIабазул рагIалде бахъинги гьарула гьелъиеги ООО-ялъул х1алт1ухъабазеги, поселокалда гIумро гьабулезеги нижеца.

**Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 7 (763)
Хамиз
9 февраль 2023 сон

3 гъумер

Эркенлъиялъухъ урхъун
Кавказ гъалдолел къояз,
Къеркьеязулъ лъадарун
Лъана чанги багъадур.

Гъезул бахIарчилъиялъ
Пача сорозавуна,
Гъезул гъунараздалъун
Дагъистан къадрулъана.



Имам Шамиль хун – I52 сон

# БахIарзал кIочонаро…



Гъал къоязда I52 сон тIубана тIадегIанав имам, цевехъан, рагъухъан, гIалимчи, шайих, гIакъилав политик, нилъер ракьцояв имам Шамиль хваралдаса.

Имам Шамиль хIакъикъаталдаги ккола кIудияв личность. Гьесда цолъизаризе кIвана чияда рараллъун гьечIолъиялъе гIоло къеркьолаго рахъ-рахъалъ щущарал магIарулазул къокъаби. Дагъистаналъе Шамиль лъугьана миллияв бахIарчилъун, нух бихьизабулев цевехъанлъун, цIар рагIарав полководецлъун, данде ккезе цойги гьечIеб мисаллъун. Жакъа гьеб къоялъул хIурматги гьабун ракIалде щвезавизин нилъер букIинеселъулъги тIегьаялъулъги кIудияб бутIа лъурав инсан.

Имам Шамилил тарихалъ цойги нухалъ нугIлъи гьабула кколеб бугебщиналъе кватIун ккечIого битIараб къимат кьезе, кколелдехун бербалагьи хисизабизе ва бищунго къуватав данде вугесулгун рагIи данде ккезабизе.

ГIемерал саназ пачаясул армиягун вагъарав Шамилица ахир-къадги тIаса бищана ракълил нух, киналго гIелал ахIана Россиягун ракълида гIумро тIамизе.

ГIаммаб тарихияб къисматалъул ва ракI бакъваялъул символлъун лъугьана «АхIулгохI» мемориалияб комплекс, гьеб гьабун буго нилъер районалъул территориялда.

Нилъеда лъазе ккола тарих, цIунизе ва гIолеб гIелалъухъе кьезе ккола гьеб. Нилъеда кIочене бегьуларо нилъер бахIарзал, гьезда ращалъизе босизе ккола мисал.

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

# Имам хвараб къо

Маккаялде щун хадуб Шамилида гьенив дандчIван вуго ХIежалде вачIарав цо магIарулав. Киса щивали гьикъидал КъахIиса вугилан абун буго гьес. Ва бицун буго кодоб букIараб гIарацги лъугIун ватIаналде тIад вуссун ине ресги щвечIого вугин живан. Шамилица гьев жиндаго цадахъ чIезавун вуго ва цо къоялъ гьел кIиялго МухIамад аварагасул (с. т. гI. в.) хабаде ун руго.

-Ассаламу гIалайкум, тIадегIанав Бичасул аварагъ,-ян абун буго Шамилица хабаде щваравго.

-ВагIалайкум салам, Аллагьасул ритIухъав лагъ,- абун рагIилеб рагIиларeб хIалалъги абун, хабалъан къватIибе баккун бачIун буго квер...

Шамилида цадахъ вукIарав дов чи тамахлъун гIодов ккун вуго ва рекIеде вачIиналде гьесул надалда тIад кверал рахъулев ватун вуго Шамил. Гьеб хIикматалъул хIакъалъулъ имамасдехун бицен гьабизеги кIун гьечIо гьесда.

Гьелдаса заман ун хадуб, нухлуе гIарацги кодобе кьун, Шамилица гьев чи Дагъистаналде нухда тIовитIулев вукIун вуго. Цинги имамас гьесда абун буго дун хвараб къоялъ зобал багIарлъизе ругин, гьеб къоялъ дуца мажгиталъувеги ун гIадамазда бицейин жакъа имам хвараб къо бугилан.

- Даража тIадегIанлъаяв имам, кин росулъги вукIун гьединал жал рицингун дида гIадамал божилел, гIантав чи вугилан гIад-хочI гьавила гьез дун,-ян абун буго къахIисес.

-БитIараб буго. Дуда божичIого рукIине ги бегьула. Гьеб къоялъ дуца гьел зодихъе ралагьизе гьаре.

Имамас абураб къо букIун буго рузман къо. Рузманалдаса рахъунаго, росулъ дов чияс абун буго жакъа имам хвараб къо бугилан.

Абухъего божун гьечIо гIадамал. Гьав чи гIантлъун вугин, ав нолъ досде авкIове ун вукIараб куц бугилан лъугьун руго гьел.



Цинги гьес гIадамазда абун буго къватIиреги рахъун зодихъе ралагьейин, гьеб багIарлъун букIине кколин, жинда имамас гьедин абун букIанин.

Ва кисанго гьеб къоялъ зобал багIарлъун рукIана.

**(Генуса Хасбулатил ГIабдулагьил**
**биценалдасан)**

Данделъи

# ЦIа ккеялдаса цIуниялъе

I февралалда районалъул администрациялъул бетIерасул зам. М. ХIамзатовасул кабинеталъуб букIана цIа ккеялдаса цIуниялъул суалалде кIвар буссинабураб данделъи. Гьенир гIахьаллъана цIа ккеялдаса цIуниялъул бутIаялъул рахъалъ нач. А. МухIамадов, администрациялъул ЖККялъул отделалъул нач. А. ГIабдулхаликъов, МВДялъул Унсоколо районалда бугеб отделалъул участковиязул нухмалъулев М. ГIабдурахIманов.

Гьениб бицен ккана гIагарал къоязда МахIачхъалаялда, Хасавюрталда, Болъихъ, Унсоколо ккарал цIаязул. Данделъиялда хIукму гьабуна гIадамазда гьоркьоб цIа



ккеялдаса цIуниялде буссараб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабияле. Гьелда гьоркьоре рачун руго цIадул балагьалдаса цIуниялде руссарал ходусел тIадал ишал:

Хасалил заманалда гIадат хIисабалда цIикIкIуна цIаял ккей, гIемерисел гьел ккола электрическиял хинлъи кьолел приборал битIун хIалтIизарунгутIиялъ, хъизаналда жаниб гьелъул къагIидаби лъалел гьечIолъиялъ. Гьединлъидал гьарула, хал ккве электропроводкаялда хадуб. **Кинго бегьуларо электросетазде тIаде цIикIкIун заманаялъ чIванги тун, бакIлъи ккезе тезе. Цадахъ чIваге чанго цIикIкIараб къадар ток ц1алел къуватал токалъул тIагIелал. Электроприборал хIалтIизаруге чурараб белье бакъвазабиялъе. Электроприборалгун расандизе тоге лъимал. Электронагревателал лъе мебелалдаса, занавесткабаздаса рикIкIад, ай хехго цIа рекIине рес бугел рукIа-рахъиналъул тIагIелаздаса нахъег1ан.**

Квачараб заманаялда цIа ккеялъе аслиял гIиллаби ккола:

- **-цIадудехун цIодорлъи гьабунгутIи;**
- **-электроприборал хун рук1ин;**
- **-лъималазул тIалаб гьечIолъи;**
- **-хъалиян бухIулаго цIодорлъи гьабунгутIи.**

**КIочонге цIа свинабиялдаса гьеб ккезе тунгутIи бигьаяб бук1ин. ЦIуне хIинкъи гьечIолъиялъул къагIидаби, цIуне нужгоги гIагарлъиги!**

# АхIулгохIил бахIарзал

«АхIулгохI» гьитIинаб ракьалъул бутIа
БутIрул тушманасул гIемер рорлъараб,
ГIешдерил лъар дозул бица багIарлъун
ГIемераб чвахараб ГIанди гIурулъе.
Г1асругин ункъого сон сверун буго
Дур къеркьей, къо хIехьей мисаллъун буго,
Нужер къеркьеялъул байрахъалда гъоркь
Бакараб каранлъ цIа Басаевасда.
Хъалада бараб гъеж тIад мал чIун тIолел
ТIатарал бахIарзал хIажалъи ккедал.
Халатал тункIазда тIогьир хучдул чIван
ТIаде гъолеб солдат, ахIулеб гъурра,
Гьорол карачелалъ хъарчигъа гIадин
Хъатикь ханжарги ккун цо магIарулав,
Цо хъабчил тIингъиде тIаде гъужумалъ
Кього чухъиласул чакмабазул хъуй.
Дозул гъурраялъул гьаракь къотIизе
Къвалакь квералги чIван, бачунеб зикру,
Зани къваригIинчIо, къоно тIад чIвачIо
ЧIобого кьуна рухI, доз ВатIан цIунун.

**ЖабргIил-хIажи ХАЛИДОВ**

# Милъиргщо

(РагIи - цIалдохъабазе)

## Рахьдал мацIалда - конкурс





3 февралалда районалъул лъай кьеялъул отделалда хIасилал данде росана «Дагъистаналъул авторазул рахьдал мацIалда асарал махщалида цIалиялъул» дистанционнияб къаг1идаялъ т1обит1улеб муниципалияб этап - конкурсалъул. Гьеніб гIахьаллъи гьабуна районалъул школазул 11 классазул цIалдохъабаз.

Гьеб конкурсалъул аслияб мурад ккола рахьдал мацI цIуни ва лъазабиялде гIолеб гIелалъул кIвар буссинаби, гьелъулъ художественниябгун эстетическияб магIна бачIинаби.

Конкурсалъул жюриялда рукIана районалъул культураялъул отделалъул вед. специалист ГI-К. ГIабдурахIманов, лъай кьеялъул отделалъул ДОУялда хурхун специалист У. МухIамадова, райадминистрациялъул опекаялъул рахъалъ специалист Х. Жамалудинова, райОНОялъул цIалул тIахьазул фондалъул специалист З. ХIусейнова, Генуб гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул ва литератураялъул учительница А. ГIабдулаева.

Жюриялъул къимат кьеялда рекъон кечI цIалиялъе I бакI ккуна Унсоколо гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Наима СагIадулаевалъ, 2 бакI бикьана ГIашилтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Асият Маликовалъ ва Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Марьям МухIамадхIажиевалъ, лъабабилеб бакIалде рачIана Рихьуни школалдаса Суайбат Халидова ва ЦIатIанихъ гьоркьохъеб шко-лалдаса Нуцалай ГIалиханова, Балахьуни гьоркьохъеб школалдаса Жамиля Расулова, Зирани школалдаса Багьжат МухIамадоваги.

Муниципалияб этапалда бергьараз гIахьаллъи гьабизе буго республикаялъул этапалда.

Жюриялъул членаз бихьизабухъе киналго гIахьалчагIи лъикI цере рахъиналъ захIматго букIана бакIал чIезаризе.

Республикаялъул этапалда гIахьаллъизе йигей Н. СагIадулаевалъе гьарула битIккей! Республикаялъул тахшагьаралда авар мац1алъул куч1дул ц1алиялъул дистанционнияб лъабабилеб этап бук1ине буго 20 февралалда.

Рагъул тема

## Инсул ирс босарав ватаги!

Гьал къоязда нилъер районалдаса М. МуртазагIалиевас Дагъистаналда «Мы дружбой народов сильны» абураб регионалиял къецазда тIоцебесеб бакI ккуна. МуртазагIали ккола Унсоколо росулъа Украиналда рагъулаб операция унел бакIазда медицинаялъул ва рагъулаб структураялда, операция унел бакIазда г1ахьаллъулев вугев Расул МуртазагIалиевасул вас.

ЦIех-рехазулаб конкурс республикаялда тIобитIулеб букIана гIолеб гIелалъулъ ВатIаналде рокьи бижизабиялъе, гIагараб ракьалъул тарих лъаялъе. Конкурсалъул финал унеб букIана МахIачхъалаялда «Алтаир» республикаялъул Централда. Гьеніб цIунана конкурсалда гIахьаллъулез жидерго цIех-рехазулал хIалтIаби кIалъазе рахъун ва презитанциял гьарун. Къецазда цIикIкIараб къадаралда гIахьаллъаразда гьоркьор лъикIаб хIасил ккана Унсоколо № I гьоркьохъеб школалъул 6 классалъул цIалдохъан МуртазагIали МуртазагIалиевасул.



Жиндирго гIелмияй нухмалъулей, обществознаниялъул учительница Мадина ХIажиевагун МуртазагIалица конкурсалда хIалтIи хIадурун букIана «Дагестанцы – участники специальных военных операций в Сирии и на Украине»,-абураб темаялда. Гьеб тема васас тIаса бищиялъе аслияб гIиллаги ккана эмен Расул Украиналъул хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулев вукIин. МагIнаялъул рахъалъ гъваридаб, тема рагьараб букIиналъ Муртазаг1али МуртазагIалиевасул хIалтIуе комиссиялъ лъикIаб къимат кьуна.

МуртазагIалил эмен Расул МуртазагIали ев Украиналъул хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулев вуго гьеб тIобитIулел тIоцересел къояздаса нахъе. Гьев вуго медицинаялъул хъулухъалъул подполковник. Расул МухIамадовичас нухмалъи гьабулеб буго медхъулухъалъул батальоналъе.

Гьедин бугеб мехалъ цIалдолезе цебе чIезабизе захIмалъиларо лъидасан васас мисал босарабали. Гьедин рагъул-кьалул темаги гъваридго рагьун щвана М. Муртазаг1аливасе тIоцебесеб бакI.



Баркула М. МуртазагIалиевасда, гьесул гIелмияй хIалтIухъан М. ХIажиевалда, тIолалго гIагаразда бергьенлъи. Хадубккунги инсул нухдасан ине тавпикъги къуватги кьеги дуе, МуртазагIали!

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 8. 2. 2023 г.
15. 30
фактически -16 . 30 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.